



Munyonyo 2023

kirundi

Sabikanya ibikuremereye!

**Ni muze iwanje mwebwe mwese murushe.
(...) nzobaruhira!**

(Matayo 11,28)

Kontakt: Meinolf Wacker
Kirchplatz 7
59174 Kamen

Mobil.: +49-172-5638432
Mail: meinolf.wacker@go4peace.eu
Homepage www.go4peace.eu

Bakunzi ba go4peace,

Iyo ubuzima buturemereye bukatubana umuzigo, burya nta n'umwe ashima kuguma ari wenyene. Turaheza tukarondera abantu twizigiye, bashobora gutegera ibituremereye, kandi bashobora no kuduha ingoga dukeneye. Ese ukuntu bihimbara, nk'iyu uriko utembera ku kagoroba, canke agaterefone ko mw'ijoro aho dushobora gusabikanya n'uwundi mu kiyago ibituremereye ku mushaha. Gushobora kuvuga vyonyene bisigura kenshi ko igice c'ivyari biremereye umutima kivaho. Muri ico gihe uwundi aradutwaza ububabare, ubwoba dufise be n'ibikomere dutwaye, kumwe kwa Simoni w'i Sirena yaremurura ibitugu vya Yezu mu kumutwaza umusalaba. Yezu yaramushimiye cane kuko vy'ukuri utuguvu twari twamuharanye. Yarategereye neza muri ico gihe ico bisigura kutaba wenyene. Iyo nyene ni vyo natwe atugirira. Aradutumira ati: „Ni muze iwanje mwebwe mwese murushe kandi muremerewe, nzobaruhira!“

„Kuwa gatanu mbwirizwa gusubiramwo ikibazo kandi haheze imisi itanu nzokora ikigira kabiri!“ ivyo ni vyo nasomye mu kinyamakuru c'umwigeme w'umunyeshure, yari asanzwe yavuye mu gihugu ciwe aje kwiga. Niwe yahavuye yandika at: „Ivyo bibazo biragoye. Kandi kubera dusanzwe turi mu mwaka hagati, sindoka umwanya ukwiye wo kwitegura. Numva umenga ndi nk'umwana yazimiriye kure y'abavyeyi biwe. Ndi jenyene kandi numva mfise ubwoba, kuko ndamutse ntamenye ibi bibazo, bizogorana ko banyongerera ikiringo ca visa yanje!“ Numvise umuzigo w'uyo munyeshure, nca nzinduka mu gatondo kakare ndamusabira. Niho namwandikira ubutumwa burebure, nca nongerako n'ifoto y'ishurwe bita „tulipe“, risanwe ryiyugurura mu ci. Niho haciye imisi naronka agakete kiwe ambwira ati : „Warakoze ko wama unyumviriza, ukampa ingoga. Ndanezerewe canke kuko nshobora kuza ndasabikanya nawe“. - Sabikanya, ibikuremereye!

Kubwa go4peace,

Meinolf Wacker